

## **DWA POU MOUN VIV NAN BON KAY : Se yon obligasyon Leta**

Kesyon kay la nan peyi Dayiti se pa yon fenomèn nouvo. Men li vin pi grav, li fè plis aktyalite aprè yon gwo trembleman de tè ki frape peyi a 12 janvye 2010 la, ki fè parèt klè kon dlo kòk feblès Leta Ayisyen nan tout domèn, li montre tou, kouman enstitisyon ki la pou bay sèvis sosyal yo frajil epi vulnerab. Trembleman de tè 12 janvye a fè devlope nan Pòtoprens yon lòt sitiyasyon ki se koze kan yo oubyen Abri provizwa, kote diyite ak dwa moun ap pase anba pye chak jou. Yon sitiyasyon ki ta dwe souke konsyan chak moun nan peyi a, espasyalman dirijan yo nan Leta a, ki dwe pèmèt moun yo jwi dwa fondalnatal yo genyen kòm moun tankou : dwa pou yo jwen bon kay pou yo rete, dwa pou jwenn bonjan ledikasyon, dwa pou moun jwenn manje ak bonjan swen lasante.

Kesyon lojman an se yonn nan gwo problèm peyi a konnen avan epi aprè 12 janvye 2010. Pwoblèm sa a lye ak absans politik biblik nan plizyè domèn. Leta ayisyen pa janm pran responsabilite-l devan nasyon an. Nan vil pwovens yo tankou nan lakanpay, moun yo abandonen pou kont yo. Pa gen enfrastrikti, moun yo nan lamizè. Devan sitiyasyon sa a, yo blije antre Pòtoprens pa bann ak pa pakèt kote y ap viv pilsooupil nan kay ki pa solid, nan ajoupa ki kontwi souvan sou ravin, bò lanmè, kote y ap fè fas ak gwo risk naturel tankou : inondasyon, deboulonay tè, elatriye.....

Nan lane 1982 Pòtoprens te gen 250 mil moun. Pou rive janvye 2010, gen anviwon 3 milyon moun nan Pòtoprens. Sa ki reprezante yon tyè (1/3) nan popilasyon ayisyèn nan. Enfòmasyon sa yo montre a klè kesyon demografi a oubyen konsantrasyon anraje ki genyen nan Pòtoprens. Sitiyasyon sa a jwe anpil nan dezas 12 janvye 2010 la. POHDH kwè Leta ayisyen gen yon dèt sosyal pou popilasyon an: ki se pèmèt li jwenn bon jan kay pou yo rete( lojman desan ak sekirité ).

Moun konstwi jan yo vle nan peyi a. Nenpòt ki kote, gwo mas beton tout kote. Anpil konstriksyon anachik fèt anba je responsab yo nan Leta a. Leta pa gen okenn kontwòl sou jan moun ap konstwi nan peyi a. POHDH ap fè remake 86 % kay ki kraze nan tranbleman de tè 12 janvye 2010 la , se kay ki konstwi nan lane 1990 pou rive 2010, selon avi moun ki ekspè nan domèn konstriksyon.

### **REKÒMANDASYON**

Aprè tout konsta sa yo, Platfòm Organizasyon Ayisyen Dwa moun yo ( POHDH ) fè rekòmandasyon sa yo :

- Leta dwe elabore politik lojman sosyal. Sa se yon dèt sosyal Leta genyen pa rapò ak moun ki blije kite lakay yo pou antre Pòtoprens pou kòz lamizè;
- Fòk genyen kat jeyolojik ki detemine ki kote moun dwe konstwi, ki kalite kay ki dwe batí nan chak zòn;
- Mete enfrastrikti, kreye djòb nan vil provens yo ak nan lakanpay, yon jan pou kwape fenomèn imigrasyon entèn (deplasman moun andedan peyi a) ak egzòd riral;
- Fòme jèn enjenyè ak kontremèt nou yo, yon jan pou rekonstriksyon batiman yo ka fèt nan respè nòm sekirité;
- Mete kanpe pwogram edikasyon pou sansibilize popilasyon an sou tout kalite risk natirèl ki sou peyi a;
- Aplike konstitisyon 1987 la nan sa ki konsène sèvis sosyal yo tankou lojman, edikasyon, sante, manje ak aktivite lwazi;
- Ratifye epi aplike Pak Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl yo ( PIDESK )

Potoprens, Ayiti, 2 jiye 2010

Antonal MORTIMÉ

Secrétaire Exécutif